# Тарихиял хIужаби (биография)



МухIамадов ГIабдурахIим ГIумарович гьавуна ЦIумада районалъул Сасикь росулъ, 1943 абилеб соналъул Январь моцIалъул 10, яги 15 къоялъ. (эбелалъ абулаан 10 январалъ гьавунин абун, хъвай-хъвагIаялда буго 15 январалъ гьавунин).



Анкьго сон тIубайдал росулъ букIараб школалде цIализе ана. Гьеб букIана анкьго санил школа. Учителзабиги рукIана гьебго школалда цIалун 4-5 класс лъугьарал гIолохъаби. Ункъго класс лъугьизегIан цIалиго букIинчIин абизе бегьула. Гьелда цIар букIана «жаниб перерыв, къватIиб перерыв» - абун. Дарсазул заманалъги учителзаби кагъат тIамулелниги, чIагIа-мед гьекъолелниги рукIунаан.

Гьелдаса хадуб росулъ лъай бугел учителзаби рачIана: Дагъистаналъул педучилище лъугьаралниги, Россиялдаса ритIун рачIунел учителницабиниги. ГIабдурахIимилги цIалиялда рокьи бижана ва гьев бищунго лъикIав цIалдохъан вукIана. 6-7 классалда цIалулеб мехалъ учителас жиндие гьабизе лъачIеб хIисабалъул дарс гьесухъе кьолаан……

1957 абилеб соналъ росулъ «отлично» - ялда анкьго классги лъугьун Махачкалаялда медучилищеялда цӀализе ана. Доб заманалъ цӀализе унеб бакӀ я мед я пед училище букӀунаан. ЦӀализе кколаан лъабго соналъ.

1953 абилеб соналъго эменги хун хутӀараб мискинаб хъизан букӀун рокъоса кумек гьабулев чи вукӀинчӀо. Училищеялдаса щибаб моцӀрое анцӀила ункъо гъурущ стипендия кьолаан. Гьеб букӀана цохӀо чедги цӀанги босизе гӀолеб гӀадаб гӀарац. Цо бащдаб лъагӀелалъ цӀалун экзаменал гьарулаго гӀурус мацӀалъул диктанталъе кӀийил щвана ва тӀокӀаб гьеб стипендиеги бихьичӀо. (росолъ отличник вукӀаниги шагьаралда, хасго гӀурус мацӀалъ цӀализе захӀмат букӀана). Гуржиялъ хӀалтӀулев вукӀарав кӀудияв вацас кумек гьабун щибаб моцӀрое анцӀго гъурущ гӀарац битӀулаан ва гьелда гӀейги гьабун, гӀезегӀанго захӀматго 1959 соналъул ахиралде щвезегӀан цӀалана.

Училищеялъул директорасе дир хӀал бичӀчӀун, гьес академический отпускги кьун




цо лъагӀелалъ рокъов витӀана. Доб заманалъ медпунктазда хӀалтӀизе гӀадамал гьечӀого букӀиналъ, жеги медучилище лъугьичӀев, анцӀила микьго сонцин гӀумруги гьечӀев чи, Силди-Гьакъо участкаялда завмедпунктлъун хӀалтӀизе витӀана. ГӀемералъ гьенив чӀечӀого нахъе вачӀана ва гьеб хӀалалъ дагьа-дагьаб мехалъ Хъварши участкаялда ва Сасикь росолъ завмедпунктлъун хӀалдтӀана.

1963 абилеб соналъул ахиралда гьабизе хӀалтӀиги кванaзе квенги, жанив чӀезе рукъги гьечӀого къватӀахъе хутӀарав чиясда объявление бихьана Хасавюрталда бугеб профтехучилищеялъ цӀалдрохъаби къабул гьарулел ругин ва гьезие ретӀелги квенги общежитиеги, жегиги лъикӀ цӀаларазе стипендиеги кьолеб бугин. гьенив цӀализе лъугьун 1964 соналъул ноябрьт моцӀалъ добго «отлично» - ялда гьеб цӀалиги тӀубана ва тракторист-машинист широкого профиля вахъана.

1965 соналъул риидал Хасавюрт районалде бугеб ЦӀияб сасикь росулъ гӀумру гьабун чӀезе къасд гьабуна ва гьенив Дагъистан совхозалъул трактористлъун хӀалтӀуде лъугьана. Гьеб жеги росо букӀинчӀо, гьелда абулаан совхозалъул лъабабилеб отделение абун. 1967-68 соназ гьебго росдал медпунктальул заведующийлъун, отделениялъул бухгалтерлъунги хӀалтӀана.



ГӀараб мацӀ лъазабизе ва гӀелму цӀализе байбихьана 1968 соналъул Декабрь моцӀалъ. Гьелде щвелелдего Къуръан цӀализе лъалаан. ТӀоцеве ГӀабдурахӀим цӀалана Сасикь росулъа ГӀисал МахӀмудихъ. Хадув магӀарухъ Сасикьги ун дагьаб мехалъ СагӀадухъ цӀалана. ТӀад вусун совхозалде вачӀиндал ХӀайбуладибирасухъ цӀализе анна ва Мингьаж ва Жалалайни цӀалун лъугьизаруна,

махIалаби цIализеги бай бихьана. Цинги МахIалаби цIалун лъугьизегIан Сайфудинида аскIовги цIалдана.



Гьелдаса хадув, ай, 1974 соналдаса бай бихьун Индираялда МелъелтIаса Сулеймандибирасухъ, Хуштада МухIаммадсайидихъ, Кьохъ СултIан-мухIаммадихъги цIалдана. Гьанибго абун телин, 1993 соналъ Сириялда Дамаск шагьаралда имамзабазе гIуцIцIараб давруялда (курсаздаги) вукIана. Кидаго ГIабдурахIимл мутагIилзабиги рукIана. Гьес абула жинда гIараб мацI ва шаргIияб гIелму лъаялъе чара гьечIеб жо батанин жидеда жо малъулел мутагIилзаби рукIин.

1975 соналъ хъизангун цадахъ магIарухъе гочана ва Сасикь росолъ гIадамазе дибирлъи гьабуна, балъгояб мадрасаги бачунеб букIана. Холхозалъул учетчик, хадув бухгалтерлъунги хIалтIана. Гьебго заманалъ жиндирго лъай борхизабизе гIалимзабахъеги хьвадулев вукIана.



1982 соналъ хъизан унтун, лъималазде рагьализе гIагарал чагIи рукIинчIого магIаруухъан Бабаюрталда бугеб Шава гъутаналда гочана: гьенир хъизаналъул эбел-эмен рукIана. 1986 соналъ цIидасан Хасавюрталда совхоз Дагъистаналда вачIана.

**ГIабдурахIимица Аллагьасул диналъе гIоло гьарурал кIвар бугел ишаздаса буго:**

**1)** ЦIумада районалъул Сасикь росдал масжид букIана, цогидалги росабазул масжидал гIадин, колхозалъул складлъун гьабун, жаниб нису-хIанги, цIоко-къехьги лъун. Гьеб биххун иналде гIагарунги букIана. Доб заман букIана коммунистал къвакIун ругеб, масжид-къулгIаялда аскIов къазецин чиясда кIолареб, росолъ рузман ва тарахI базе гьукъун бугеб. ГIабдурахIимица нух балагьана росдал масжид къачIазе. ХIакимзабазда гьоркьорги цо-цо бусурбаби рукIунелъул районалъул хIалтIухъабазулгун



дандеги бан колхозалъул склад капитальный ремонт гьабизе документал хIадурана ва 1982… соналъул март моцIалъ тIаде лъугьун, дагьалго къадал хутIизегIан масжид биххун гIодобе лъуна.

КьучIалги щула гьарун тIад къед гьбизе ирга щведал сасикьдерил къадахъабазул цонигияс гьеб къед бай тIад босичIо. ГIиллиги букIана хIукуматалдаса хIинкъи. ГодекIанир гIодорги чIун, «ГIабдурахIимица масжидалъул чIвад гьабунин», - кIалъалел цо-цо хIалихьатал чагIиги рукIана.

Аллагьас кумекалъе реххана Гьакъоса Чергесил ГӀабдурашид абулев чи. Гьесул вас ГӀабдурахӀимихъ цӀалулев вукӀун гьесде щвезе вачӀарав чиясда ГӀабдурахӀимица жиндирго къварилъи бициндал гьес абуна жинда кӀолин бокьараб хӀалалъ берцинго къед гьабизе ва жинца тӀад босулин гьеб хӀалтӀи абун.

Пал хӀасил гьебго соналъул риидал масжидалъул гъоркьияб тӀалаялъуб Рамазан моцӀалъ тарахӀ бана ва хасел бачӀинелде тӀаде тӀохги лъун тӀасияб тӀалаги лъугӀана. 1990 соназ цогидал Дагъистанияз масжидал разе байбихьилелде Сасикьдерил масжид ва мадраса цебего хӀалтӀулеб букӀана.




**2)** Киназдаго лъалеб жо буго Дагъистаналда **Къуръаналги тӀахьалги цӀакъ дагьгуро рукӀинчӀеблъи.** Гьелъие щиб гӀилла букӀараб бицизе ккеларо. 1980 соназдаса хадуб раккана ксероксал (множительная техника). Къуръан-хӀадис цӀалулел ва гьеб малъулел, жал «хӀинкъуларел» бусурбабаз гьеб техникаялъул кумекалдалъун балъгого, **Къуръанал, жузал ва цогидалги тӀахьал гьаризе ва гьел гӀадамазухъе щвезаризе бай бихьана.** Гьелъул хӀасилалда цӀидаса зарбоялда рахъун рукӀана гӀемерал гӀажам тӀахьалги.

Гьеб иш хӀукуматалъ гьукъараб букӀиндалго КГБ хадуб лъугьун гьез дол балъго тӀахьал гьарулел бакӀал лъазаруна ва 1983 соналъул октябрь моцӀалъ Къуръаби ва тӀахьал росизеян Бакуялде арав ГӀабдурахӀим жанив рехана. Гьевгун цадахъ 14 чи вукӀана: магӀарулал, чачанал, ингушал, казахал ва жидеца тӀахьал зарбоялде рахъунел рукӀарал гӀусрусалги.

ГӀабдурахӀимие лъабго сон колона поселение кьуна ва гьев Бакуялда, Каспий ралъдал рагӀалда бугеб колониялда витӀана.

**3)** Сасикьал кидаго диниял чагӀи рукӀиналъ, Бамматюрт совхозалъул отделениелъун бугеб сасикьал чӀараб бакӀалдаги как базе, рузман ва тарахӀ базе балъго данде руссунеб рукъ букӀана. ГӀабдурахӀимил бетӀерлъиялда гъоркь хӀукуматалъул киналго органазухъ чанго нухалъ гӀарзаби хъван рукӀана жидее росолъ масжид базе изну кьеян абун. Гьеб гӀарзагун цадахъ чанго нухалъ Махачкалаялде щвана, кӀиго нухалъ Москваялдеги щвана. Законалда рекъон нижее изну кьезе кколеб букӀаниги гьеб изну кьолеб букӀинчӀо.

1988 соналъул ахиралда ГӀабдурахӀимица росо бакьулъ МухӀаммадрасулида масжид базе бакӀ кьеян гьарана, гьесул вацал ва цогидалги цо чанго чиги цадахъ лъугьун масжид базе къасд гьабуна. Гьеб заман коммунистазул къадазда цодагьабго кьватӀел реххараб букӀиналъ, Аллагьасда хьул букӀана Гьес квер бакъи гьабилин абун.

ГӀемераб хӀукуматалъулгун дагӀба-къецги гьабун, кинабго росдал гӀадамалги гӀахьаллъун, хасалил ункъго моцӀалда жаниб масжид бана ва I989 соналъул апрель моцӀалъ кӀал ккеВелелде цебе, цӀакъ кӀудияб рохалил мажлисги гьабун, гьеб рагьана. Масжид рагьун тӀасияб къоялъго рачӀун Хасавюрталъул хӀакимзабазги гьеб масжид рагьиналъе официяльное изну кьуна. Гьеб буго жакъаги Сасикьдерил рузман балеб аслияб масжид.

**4)** 1990 соналъ росдал масжидалда данд битIун Сахратуллагь абулев чиясул планалда, росдал гIадамазул кумекалдалъун, кIитIалияб гьитIинабго мадрасаги бана. Гьеб мадраса жакъаги хIалтIулеб буго ва гьенир росдал гIисиналги чIахIиялги Къуръан цIализе ва гIараб гIелму лъазабизе хьвадула.




**5) 1992-1993** соназ **Дагъистаналъул Духовное управлениялда муфтиясул замлъун ва гIалимзабазул советалъул председательлъунги хIалтIана**. Гьеб заманалъ хIукуматалъухъе хьвадун совхозалъул отделении букIараб **росдал статус хисизабуна,** гьеб лъугьана цIияб Сасикь росу, жаниб селсовет ва цогидаб яшав гьабиялъе хIажатал шартIал ругеб….

Гьел сонал рукIана СССР биххараб, цIияб хIукумат щулалъичIеб. ГIадамазда гьоркьоб гIемр кколаан ракь сабаблъун дагIба-къец. Гос.советалъул бетIер М-дгIалил ва цогидал хIакимзабазул гьариялда рекъон ЦIаларал чагIазул къокъагун цадахъ маслихIатазе хьвадизе ккана. Гьедин маслихIат гьабуна Лаказда ва лъарагIазда гьоркьоб (Кумторкалинский район) лъарагIаздаги даргиназдаги гьоркьоб (Хасавюртовский район, Костек росо). Дербент шагьаралъул исламалъул авалалдаго бараб масжид сабаблъун суннитазул ва шиитазул хIалуцараб хIал букIана ва гьеб маслихIат гьабун гIодоб буссинабуна.

**6)** 1993 соналъ хасавюрталда рагьараб исламияб институталъул ректорлъунги хIалтIана.

**7)** 1997-1998 соназ байбихьун Сасикь росдал рагIалда кIитIалияб кIудияб мадраса баялъе нухмалъи гьабуна ва гьеб мадрасаги жакъаги хIалтIулеб буго ва гьенир цIализе Дагъистаналъул бокьараб росулъан ва бокьараб нациялъул лъимал къабул гьарула.



**8)** 2007 соналдаса 2015 соналде щвезегIан ясал цIалулеб **мадраса бан** гьелъул мудирлъун вукIана. Дагъистаналдаса ва цогирал бакIаздасаги гьенире цIализе рачIунел ясалазул къадар **120 ялде бахун букIана**.

ГIабдурахIим щиб хIалтIуда, киве вугониги гьесул кидаго мутагIилзаби рукIана ва гьесдаса лъай босарал гIемерал гIолохъаби руго. Гьес анцIго лъимер ва гIемерал лъималазул лъимал гIезаруна, гьел киналго жакъа бусурбабазул мухъилъ руго.

ГIабдурахIимил квералъ хъварал гIемерал тIахьалги руго. Гьезул бищунго кIвар цIикIкIараб буго Хирияб къуръаналъул тафсираздаса мунфагIат босун гьелъие гьабураб тафсир ва таржама.

## Хирияб Къуръаналда тIад гьабураб хIалтIи




ГIабдурахIимица бицана: Дун гIелму цIализе лъугьараб мехалъ бищунго дир анищ букIана хирияб Къуръаналъул магIна ва мурад лъай: дида бичIчIун букIана бусурманчиясул кинабго гIумру Къуръаналъ малълъухъе, хадуб хирияв аварагас малълъухъе букIине кколеблъи. Лъица бицарабги рагIиялда божун, гьесда нахъвилълъун вукIинчIого, дидаго Къуръаналъул ва хIадисалъул мурад лъан, хадуб гIалимзабаз гьелъие гьабураб баян лъан, гьелъулги битIараб ва тIекъаб батIа гьабун хьвади чара гьечIеб жолъун батана.

1985 соналъул май моцIалъ Бакуялда колона поселениялда вугеб мехалъ Аллагьас ракIалде рехана дирго лъималазениги букIине дихъ букIараб Жалалайниялдаса ва гIараб гIурус къамусалдаса мунфагIатги босун дагьаб жо бугониги Къуръаналъул таржама гьабун лъикI абун. ТIубарабго Къуръан таржама гьабизе ва гьеб зарбоялде бахъисе рес щолин ракIалдего кколеб букIинIо. Гьеб Жалалайни букIана цIакъ гIемераб шархI жаниб бугеб, тIамчил сверухълъиги хъвадарун цIезабураб. Доб заманалъ гIемерал тIахьалги рукIинчIо. Жалалайниязда бугеб хIалалъ магIнаги гьабун, жанир ругел шархIаздаса пайдаги босун, тетрад-къаламги хIадурун хIалтIи гьабизе бай бихьана.

Гьеб замалдаса хадуб, гIисинккун хъван, 1989 соналде щвелелде дица бащадаб Къуръан таржама гьабун букIана. Дир хатI берцинаб букIинчIого дица хъваралдаса цоги кагътида хъвазе дирго яцалъул вас АмирхIамзал МухIамадги виччан зарбоялда бахъизе гьеб бащадаб Къуръан хIадурана.

Цо гъалгъаясул кумекалдалъун гьеб тIехь Тиблисалда балъгого тIанчазда бахъана, хадуб гьес жиндир рокъоб букъун ва жилдал лъун дихъе бачIана.

1990 соналъул апрель моцIалъ тIубарабго Къуръан хъван лъугIана. Хадуб (1991-1992 соназ) цо тIехь Москваялда ва цо Ленинградалда зарбоялдаги бахъана.

Дир хIалтIиялъе кIудияб къимат кьурав ва гьеб гIадамаз цIалиялъе сабаблъун ккарав чи вуго Буйнакс шагьаралда вукIарав **Бакълъухъа СагIадухIажил МухIаммад** абулев тIарикъаталъул кIудияв ва гIадамаз къадру гьабулев чи. Тиблисалда гьабураб



башдаб Къуръан гьесухъе щведал МухIаммадица дихъе витIун вачIана КъурамухIаммадхIажияв ва цоги гIолохъанчи жиндие тIубараб Къуръаналъул таржама бичун босизе. Гьеб мехалъ жеги тIубараб Къуръан къватIибе биччан букIинчIо ва дихъе гьеб щварабго гьесие тIахьалги росун дунго вачIилин абун гьел гIолохъаби гIебеде ритIана. 1992 соналъул иххдал СагIадухIажил МухIаммадие тIахьалги росун дун Буйнакскиялде ана. Гьес дун лъикI къабул гьавуна, дие рецц-бакъги гьабуна. Мун жеги гIолохъанго вугин, дудаса гIадамазе цогиги пайда бахиялда хьул бугинги абуна.

2000 абилеб соналъ дица пикру гьабуна лъикIго гIатIид гьабун, киназего цIализе лъалел гIурус хIарпаз хъван, цоги тафсир ва таржама гьабун лъикIилан. Цо лъагIалил болжалалда ункъо том бугеб тIехьалъул цо том хIадур гьабун Махачкалаялда типографиялда кьуна. Гьелда хадур цогидал томалги хIадурун 2002 соналъ ункъабго тIехь къватIибе бачIана. Гьел тIахьал зарбоялде рахъиялъе харж гьабизе цо-цо сахаватал гIадамаз кумекги гьабуна.

Гьелдаса хадуб гьебго тафсир ва таржама кIиго тIехь гьабун Дамаскалдаги зарбоялда бахъана.

**2004 соналъ тафсир тIад хъвараб диск** битIана Мадина шагьаралда, гьениб бугеб **СагIудиязул хан Фагьдил цIаралда бугеб Къуръанал зарбоялде рахъунеб дунялалда бищунго кIудияб мужаммагIалде.** АнцIго сон гьоркьоб ун хадуб, 2014 соналъ Мадинаялда зарбоялда бахъана гьеб таржама. ЧIобого кьолеблъун гьабун ва гьеб СагIудиязул киналго масжидазда лъун буго. ХIежалда ва гIумраялда арав чи гьеб мужаммагIалде ани гьесиеги чIобого кьола.




Мадинаялдаса таржама бачIизе кватIидал цоги нухалъ МахIачхъалаялда, 2011 абилеб соналъ, кIиго тIехьалда жаниб зарбоялда бахъана.

Гьаб ахираб, 2015 соналъ къватIибе биччараб, тIехь буго щибаб Къуръаналъул гьумералда данде гьелъул таржамаги ккезабун, дагьабго тафсирги къокъ гьабун гьабураб. Гьалда жаниб цIализе бихьулеб хIалалъ хъвараб берцинаб хатIалъул Къуръанги буго.

# Къуръан гурел цогидал тIахьал



























•Хирияб Къуръаналъе гьабураб хъулухъалда хадуб, жиндир кIвар бугеб хIалтIи буго имам **ан-Нававиясул Риязус-свалихIина** абураб тIехьалъул хIадисазе гьабураб таржама. Гьеб тIехь буго дунялалдаго машгьураб, Къуръаналда хадуб бищунго гIемер зарбоялда рахъунел тIахьазул цояб. Гьеб тIехь 2006 ва 2007 соназ Дмаск шагьаралда кIиго нухалъ зарбоялда бахъана.

•Сириялъул имам шафигIил мазгьабалъул гIалимзабаз данде гьабураб **«аль-фикъгьу аль-мангьажию»** абураб тIехь таржама гьабуна гIурус мацIалда ва цогиги пайда бугел масъалабиги тIаде цIикIкIинарун **«Настольная книга мусульман»** цIарги лъун зарбоялда бахъана Дамаскалда 2011 абилеб соналъ. Гьелдаса хадуб 2012 абилеб соналъги Дагъистаналдаги зарбоялда бахъана.

•МутагӀилзабазе кумекалъе букӀине гӀурус мацӀалда **Къуръаналъул ахираб лъабго жуз таржама** гьабураб тӀехьги къватӀибе биччана 2012 соналъ.

•Имам аш-Шавканиясул **«Найлул автӀари»** абураб тӀехьалдаса гӀибадат гьабиялъул бицараб бутӀа магӀарул мацӀалда буссинабун, цадахъ гӀараб мацӀалъ хӀадисги хъван 800 гьумер жаниб бугеб тӀехь къватӀибе биччана 2013 соналъ. гьелда цӀар буго: «ШаргӀияб далил цадахъ бугеб фаризаяб гӀибадат» - абун ва гьеб гӀадамаз цӀакъ къабулги гьабуна.

Гьединго зарбоялде бахъана:

- **Имам ат-Тирмизиясул «Шамаилул мухӀаммадияту»** - абураб хӀадисалъул тӀехьалъул таржама.
- **Аль-Мубаракфуриясул «Равзатул анвр»** - абураб хирияв аварагасул сира-тарих бицараб тӀехьалъул таржама.
- **Сокровищница мусульманина**
- **Самые достоверные хадисы (Коралы и жемчуга)**

Гьединго цоги нухалъ зарбоялда бахъизе хӀадурун буго Риязус-свалихӀина ва ШаргӀияб далил цадахъ бугеб фаризаяб гӀибатат.

Гьал рехсарал гурелги цоги тӀахьал руго ГӀабдурахӀимица тӀад хӀалтӀи гьабурал ва зарбоялда рахъарал. Гьездаса рехсезе бегьула:

- **Давайте быть мусульманами**
- **Непокорённый Кавказ**
- **Салафус-свалихӀиназул нух**
- **ТухӀфатул мурид**
- **Важные вопросы ва цогидалги.**

ГӀабдурахӀим хӀалтӀулев вуго Дагъистаналда тӀоцеве исламияб гӀелмуялъул докторлъун вахъарав **ТӀелекьа МухӀамадил МуртазагӀалица гьабураб «Ар-рисалат»** абураб тӀехь гӀурус мацӀалде буссинабун гӀадамазухъе цӀализе кьеялда тӀад.

https://ru.wikipedia.org/wiki/Магомедов,_Абдурахим_Омарович